

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

#### **5.1 Kacindekan**

Karya sastra mangrupa tapsiran kahirupan. Kumpulan carita pondok *Oléh-oléh Pertempuran* mundel ku ajén-inajén patriotis, nu méré harti kahirupan sangkan pinanggih jeung naon anu dicit-citakeun.

Saluyu jeung nu geus dipedar dina bab hiji nepi ka bab opat, ieu panalungtikan téh eusina mangrupa analisis ajén patriotis tokoh utama jeung tokoh tambahan dina penokohanana.

Dina ieu panalungtikan, kaungkab ajén-inajén patriotisna ku cara niténan sikep, paripolah, atawa tindakan, pamikiran, perasaan, sarta koméntar ti hiji tokoh ka tokoh séjén. Lian ti éta, bisa ogé katitén dina tanda-tanda nu aya dina carita salaku unsur semiotik. Éta tanda-tanda téh ngawengku ikon, indéks, jeung simbol.

Dina kumpulan carita pondok *Oléh-oléh Pertempuran*, katitén aya dua puluh dua tokoh utama jeung tilu puluh opat tokoh tambahan. Dumasar kana urutan judul, diantara tokoh utama nu katalungtik nya éta Kaptén Acép, I. T. Opa Mustopa, *kuring*, Wijaya, Adi Winaya, Jamhur, Damiri, Sujata Prana, Létnan Hamid, *kuring*, Hamid, Kopral Acép, Kaptén Harlan, Harlan, Omiharok, Yunus, Adi Kusumah, Létnan Kuswara Kusumah, Juragan Tirtaatmadja, Harlan Supangkat, Sersan Karman, jeung Hamid.

Sedengkeun nu jadi tokoh tambahanna di antarana nya éta Pasukan Rahayat Bersenjata, Pamingpin Pasukan Rahayat Bersenjata, Pasukan Pamuda, jeung Létnan Satu Yayo (I), Balatentara Jepang jeung indungna Opa (II), Tentara Federasi nu saihwan (III), Supangkat jeung babaturanna sasama prajurit (IV), Mayor Siradz jeung pasukan battalion Malabar (V), Komandan Peleton (VI), Alwasim jeung kokolot (VII), Létnan Okano, Laksamana Usagawa, Kaptén Harada, jeung Létnan Okahara (VIII), Kopral Suta jeung para prajurit (IX), Jédral Mus (X), Komandan regu jeung prajurit (XI), Sersan Kurdi (XII), Jéndral Yokomimora (XIII), Prajurit TNI (XIV), Tentara Indonésia (XV), Adi Harda (XVI), Ahmad Patribo (XVII), Majénda (XVIII), Yasumi (XIX), Prajurit TNI (XX), Prajurit TNI (XX1), jeung Kantari (XXII).

Ajén patriotis nu kaungkab ti tokoh utama jeung tokoh tambahan di antarana nya éta:

- 1) sumanget juang nu ngagedur pikeun nanjurkeun jeung mertahankeun kamerdékaan;
- 2) tékad bélá pati keur nanjurkeun kamerdékaan;
- 3) wawanén tempur nu gedé tur ihlas narima résiko pertempuran saperti ngorbankeun raga nepi ka boga awak nu teu sampurna (cacat)
- 4) rasa ceuceub ka nu jadi mata-mata atawa kolaborator, komo mun nu jadi na téh ti bangsa sorangan;
- 5) cara séjén pikeun békéla ka nagara, saperti milu bajoang jeung bangsa séjén, jadi tentara musuh (KNIL) *gadungan*, jeung ngadegkeun sakola;

- 6) kanyeri haté alatan teu bisa narima ninggali bandéra nagara sorangan dijeujeuléh ku musuh, cingcirining rasa nyaah kanu jadi lemah cai.

## 5.2 Saran

Satutasna diayakeun panalungtikan ngeunaan ajén patriotis dina kumpulan carita pondok *Oéh-oléh Pertempuran*, aya sawatara saran anu perlu ditepikeun, diantarana:

- 1) kumpulan carita pondok *Oéh-oléh Pertempuran*, ditilik dina eusina mundel pisan ku ajén patriotisna. Nu maca bisa nyokot hikmah tina unggal eusi carita anu aya;
- 2) sanajan ieu buku terbit dina jaman Indonésia geus merdéka, pesen anu nyampak dina ajén patriotisna bisa dijadikeun bekel keur pamaca sangkan boga sikep nu sarua, nya éta nyaah tur cinta ka lemah cai sarta sadia pikeun berkorban keur kapentingan nagara;
- 3) dina ieu panalungtikan masih kénéh loba kakuranganan. Ku kituna bakal leuwih hadé lamun aya panalungtikan anu leuwih husus medar ajén patriotis dina sastra Sunda. Dipiharep aya lajuning laku pikeun nyampurnakeun ieu panalungtikan;
- 4) kumpulan carita pondok *Oéh-oléh Pertempuran*, mangrupa salahsiji warna karya sastra, bisa dijadikeun bahan pangajaran alternatif apresiasi sastra pikeun siswa SMU luyu jeung Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP) 2006.

